**ШЕН НЕНАН МОТТ ХАЛКЪО, СИЙ ОЙБУШ, IАЛАШБАХЬ, ЦУ ХАЛКЪАН ПАРГIАТО ЦХЬАММО А ХЬОШУР ЯЦ**

*М.Мамакаев*

DAYMOHK-GAZET.RU

daimoxk@bk.ru

шинара, хIутосург (май) беттан 17-гIа де, 2016 шо

# Даймохк

РЕСПУБЛИКИН ЮКЪАРАЛЛИН-ПОЛИТИКИН ГАЗЕТ

№ 55 (13015) АРАХЕЦА ДОЛИЙНА 1923-ЧУ ШАРАХЬ БИННА МАХ

IИЛМАНЧИН ХЬЕЖАМ

**Къаьмнийн машар а, бакъонийн къепе а – терроризмана дуьхьал** 2

ТЕАТР

**Селхене юхахьаьжча…** 3



КУЬГ-ГОВЗА АДАМАШ

**Шена Iеминчух тоам беш яц** 4



КОЬРТАЧУХ

# Шаройн кIоштан куьйгалла хийцина

**Шаройн кIоштан куьйгаллехь хийцамаш бина. Цунах лаьцна хаам бира Нохчийн Республикин Куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волчу Р.Кадыровс республикин кIоштийн префекташца а, къеданашца а, чоьхьарчу гIуллакхийн отделийн куьйгалхошца а шен хиллачу цхьаьнакхетарехь.**

Р.Кадыровс билгалдаьккхина ма-хиллара, Шаройн кIоштан куьйгалхочун декхарш кхочушдан хIоттийна, хIинццалц Соьлжа-ГIалин мэран заместитель лаьттина волу Магомедов Рамазан.



«Шаройн кIоштара ву иза. Рамазан а, цуьнан вежарий а Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин некъа тIехь къахьоьгуш бу хьалхарчу деношкахь дуьйна. Оцу шерашкахь ша шен белхан говзанча хилар а гайтина цо. Со тешна ву, иза шех тешийначу керлачу даржехь пайдехь хирг хиларх а, кIоштан куьйгаллин болх цо керлачу тIегIане боккхург хиларх а», – элира Кадыров Рамзана.

Цул сов, Нохчийн Республикин чоьхьарчу гIуллакхийн министран Алханов Русланан лаамца, Шаройн кIоштан чоьхьарчу гIуллакхийн отделан керла куьйгалхо хIоттийна полицин майор Аларханов Расул.

«Алханов Русланца дуккха а шерашкахь цхьаьна болх беш ву Расул. Шена беллачу тешамах а, шен хьалха хIоттийначу декхарх а вуно дика кхеташ а ву иза», – элира Республикин Куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волчу Р.Кадыровс.

Иштта, цо билгалдаьккхина ма-хиллара, карарчу шарахь къаьсттина тидам тIебохуьйтур бу Шаройн кIошт кхиорна.

«Уггаре а луьрачу хенахь ток ялийра вай Шаройн кIошта. Оцу гIуллакхана терго латтош вара Делимханов Адам. Цундела цунна дика хаьа и гIуллакх кхочушдарехь вай мел къахьегна а, мел харж йина а. Амма тIаьхьарчу хенахь вайна гуш ду, кIошт шен кхиарехь сецна хилар. Иза, ма-дарра дийцича, хIинццалц кIоштан куьйгаллехь лаьттинчеран бехк бу», – билгалдаьккхира Р.Кадыровс.

Магомедов Рамазане а, Аларханов Расуле а кIоштан куьйгаллин болх керлачу, лакхарчу тIегIане баккхарехьа къахьегар тIедиллира цо.

«Бахархойн хьашташ кхочушдарна къаьсттина тидам тIебахийта беза. Даьхни лело а, туризм кхио а таронаш йолуш ю кIошт. Оцу декъехь а жигара къахьега деза», – элира Кадыров Рамзана.

*И.ИСЛАМОВ*

МЕХАЛЧУХ

# МВД-н кхелхинчу белхахойн доьзалшна – хIусамийн сертификаташ

**Нохчийн Республикин Куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волу Кадыров Рамзан цхьаьнакхийтира шайн белхан декхарш кхочушдеш кхелхинчу бакъонаш ларъяран органийн белхахойн наношца а, хIусамнаношца а.**

Цо билгалдаьккхира, церан кIенташа а, хIусамдайша а шайн синош нохчийн махкахь машар а, къепе а хилийтаран дуьхьа дIаделла хилар. Цара майрра къийсам латтийна маьршачу бахархошна сингаттам беанчу террористашна дуьхьал. Церан хьуьнарш бахьанехь тахана Нохчийн Республикехь машар а, къепе а, низам а ду.

Цул сов, цунна хетарехь, полицин кхелхинчу белхахойн доьзалшна гIо-накъосталла дар Республикин Куьйгаллин декхар ду.

«Шайн халкъан дуьхьа кхелхина болу вайн тIеман накъостий гуттар а халкъан иэсехь лаьттар бу. Вайн махкахь бандиташ баьржина а, цара зуламаш лелийна а хан дагайогIу массарна а. Оцу муьрехь наггахь верг а ца тешара, масех шарахь республикехь машар а, низам а меттахIоттор ду аьлча. Амма тахана вайн махкахь кхерам цахиларал сов, вуно хаза а ду. Иза вайга даделла шун кIентий а, хIусамдай а бахьанехь», – элира Кадыров Рамзана.

Цо билгалдаккхарехь, вайн махкахь машар Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин (Дала гIазот къобалдойла цуьнан) а, эзарнашкахь кхелхинчу вайн вежарийн а, йижарийн а дахарийн мехаца баьккхина бу.

«Нохчийн махкахь кхин цкъа а бохам цахилийтаран дуьхьа хаддаза къахьега декхарийлахь ду вай», – элира Р.Кадыровс.

Цул тIаьхьа цо хIусамийн сертификаташ делира МВД-н кхелхинчу белхахойн доьзалшна. Уьш кхечира Никаева Захранна (нана) а, Тарамова Кулсумна (хIусамнана) а, Озниева Хьаминатна (хIусамнана) а, Бибулатова Тоитина (хIусамнана) а, Халкаева Табаракна (хIусамнана) а. Церан гергарнаш, шайн декхарш кхочушдеш кхелхина Нохчийн Республикехь КТО-н раж дIаяхьаран тайп-тайпанчу шерашкахь.

Кхелхинчеран наноша а, хIусамнаноша а баркалла элира Республикин Куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волчу Р.Кадыровна шайн гергарчеран сий-ларам барна а, шайн терго ярна а.

Билгалдаккха догIу, цхьаьнакхетарехь дакъалоцуш Нохчийн Республикин чоьхьарчу гIуллакхийн министр Алханов Руслан а хилла хилар.

*И.ХАСАХАНОВ*

ВАЙН КЪОМАН ВЕКАЛШ

# Иорданехь гоьбевлла нохчийн къонахий

**1901-ЧУ ШАРАХЬ ДАЙМАХКАРА, БУСАЛБА МАХКА ХIИЖРАТ ДАН НИЙЯТ ДИНА, ГIАШ АРАБЕВЛЛЕРА ЦХЬАБОЛУ НОХЧИЙ. ХIЕТАХЬ, ХОНКАРА МАХКАХЬ СЕВЦИРА ЦХЬАБЕРШ. ТIАЬХЬО, IАЬРБИЙН МЕХКАШКА ДIАБАХАРА КХИБЕРШ. УРДУНЕ (ИОРДАНИ) КХАЬЧНАЧУ НОХЧАША ШАЙН ЛАМАСТЕХ А, МАТТАХ А, ДОЬНАЛЛЕХ А ЦА БУХУШ, IАЛАШЙИРА ШАЙН НОХЧАЛЛА. УРДУНЕХЬ, КЪАР ЦА ЛУШ, КЪАХЬОЬГУШ БАЬХНА НОХЧИЙ.**

Iедало Урдунерчу нохчех дуьххьара дарже хIоттийнарг Бено Ойб Абдалла вара. Суьеле юьртахь туп тоьхна баха хевшинчу нохчийн векал вара иза. Шена туркойн а, Iаьрбийн а меттанашкахь дика деша-яздан а Iамийнера Ойба. Цундела дика дIакхийхьира цо Урдунерчу нохчийн гIуллакхаш.

1929-чу шарахь Урдунера туркойн Iедал хийца а делла, ингалсан Iедал хIоьттича, Ойба, шен хьекъалечу сацамашца тIедеанчу Iедалца юкъаметтиг Iалашъеш, нохчийн хьал а, Iер-дахар а маьршачу хорша дерзийра. Оццу хенахь Урдунан паччахь IабдаллахI Хьалхарниг сих-сиха хуьлура Ойб волчохь.

ТIедеанчу ингалсан Iедалца юкъаметтиг Ойба тойина хилар бахьанехь, цу Iедало нохчашна цхьацца даржаш делира. Цу заманахь шайн доьналла гайтира дуккха а нохчаша. Царех цхьаъ Султан Идрис вара.

Султан лакхарчу дарже а кхаьчна,




Ингалсан эскарехь эпсар вара. Идрис Султанан да а, ялх ваша а веллера ДегIастанера (Нохчийчуьра) гIаш Урдуне вогIучу хенахь. Ненан цхьаъ бен воцуш, юьртабахам лелош, нанас Сувелехь кхиийна вара Идрис Султан. Говр хахка а нанас Iамийнера цунна.

16–17 шо кхаьчча, Ингалсан эскаре ваха гIоьртича, жима ву аьлла, дIа ца ийцира иза, ткъа говр хохкуш гича: «Кхунна-м хIумма а Iамо а ца оьшу», аьлла, дIаэцнера.

Ингалсан эскарехь шена ингалсан мотт Iамийнера цо. Туркойн а, жуьгтийн а меттанаш хууш а вара. Жималлехь дуьйна нахана гIо дан лууш, дуьненан хIуманна тIехь са доцуш, чIогIа адамалла йолуш вара Идрис.

Ингалсан эскарехь капитанан дарже кхаччалц дIавахара Идрис. Ингалсан Iедал дIадолуш, жуьгташа и мохк боккхуш, хиллачу тIеман тасадаларшкахь тIом бира цо. Цу хенахь майор вара иза. Цигара юхавала ца туьгуш дукха Iийра Идрис. Амма тIе герз ца доуьйтуш гатвича, ца ваьлча денна, юхавелира, шеца пхи-ялх стаг бен ца вуьсуш.

Цул тIаьхьа, Iаьрбийн эскарехь полковникан дарже кхаччалц гIуллакх дира. Ша даржехь мел ву, нахана гIо деш хилла а ву.

Идрис пенсе вахча, шен дайша лелийна юьртабахам лелош сецира, кхин цхьанхьа дарже хIотта реза ца хилира. ЧIогIа нахана везаш стаг вара Идрис. Нохчаша а, Iаьрбаша а чIогIа лоруш а вара. Массара а олура: «Шен хьекъалца нахал хьалхаваьлла стаг ву иза». Кавказан цIарах Урдунан махкахь клуб хIоттийнарг Идрис вара. Цу заманчохь цхьа а клуб яцара Урдунехь. Клубан коьрта Iалашо яра нохчашна деша-яздан Iамор. Цуьнан Iалашо кхочушхилира.

ДегIастанахь Совсар цIе йолуш шича вара Султан Идрисан. Совсара, коммунистийн Iедал долчу хенахь, Идрисан сурт цхьана хIуманна юкъа а хьарчийна, лаьттах а доьллина, Iалашдеш хиллера. Ша дийна волуш, Даймахках а, цигарчу шен гергарчех




а чIогIа хьоьгуш хуьлура иза. 1985-чу шарахь бакъдуьнена дIакхелхира иза.

Бено Ойб а, Султан Идрис а саннарш дукха бу Урдунерчу нохчашна юкъахь. Царех лаьцна, тIаьхьо кхин а яздеш хIума дийр ду ас.

Таханлерчу дийнахь, хийцалуш, чолхе доьрзуш долчу хьелашкахь шайн дайшкара схьаэцна дикка хIума довш лаьтта Урдунерчу нохчашкара...

*Бакир Iабдул-Хьамийд, Урдунера нохчи*




«Иблисан пачхьалкхан» гIеранаш масех де хьалха тIелетира Багдадерчу (Иракъ) цхьана заводана. Цара цигахь 11 стаг вийра. Чевнаш хилларш а бу.

***

Йеменерчу полицин отделенина хьалха терракт яр бахьана долуш хIинцца полице балха эцна волу къона 30 сов белхахо кхелхина, 70 сов белхахочунна чевнаш хилла. Оцу зуламах долу жоьпалла тIелаьцна «Иблисан пачхьалкхан» куьйгалло.

***

Россин тIеман кеманаша хIокху деношкахь 19 тонна гуманитарни гIо дIакхачийна Шемарчу бахархошна.



***

ТIаьхьарчу деношкахь Хонкаран дозанехула сехьа а ваьлла, Шемарчу Алеппо гIалахь болчу «Иблисан пачхьалкхан» гIеранех дIакхетта 400 гергга террорист.

***

ООН-н Генеральни Секретара Пан Ги Муна Хонкаран куьйгалхошца дийцаре дира оцу махкахь адамийн бакъонаш ларъярца доьзна долу хьал.

***

Техасехь (США), автобус кхечу машенашна тIе а кхеташ, некъан-транспортан бохам хилла. Оцу бохамехь 8 стаг кхелхина, 40 гергга стаг лазийна.

***

Iаьрбийн Цхьаьнатоьхначу Эмираташкахь тIеман кема доьхна, стиглара чудеана. Цу тIехь хилла ши пилот кхелхина. Кема дохаран бахьана хууш дац.

***

Бангладешехь стелахаьштиг тоьхча велла аренашкахь белхаш беш хилла 65 ахархо. Дийцарехь, кхелхинчарна юкъахь бераш а ду.

***

Россин кхечу мехкашца долчу гIуллакхийн министр С.Лавров Минскехь цхьаьнакхийтира Белоруссин Президентаца А.Лукошенкоца. Цара дийцаре дира шина пачхьалкхан юкъаметтигаш кхидIа а чIагIъяран хьокъехь долу гIуллакхаш.

***

Москварчу Ховански кешнашкахь дов даьллачул тIаьхьа 90 гергга стаг схьалаьцна, цхьаьнакхетта Россин а, Таджикистанан а МВД-н куьйгалхой. Таллам бар дIахьош ду. Оцу девнехь кхо стаг вийна.

***

Дагестанехь леррина операци дIахьочу хенахь 4 террорист вийна. Цаьрца хиллачу тIамехь бакъонаш лаьяран органийн 2 белхахо кхелхина, 14 белхахочунна чевнаш хилла.

***

Евровиденин конкурсехь хьалхара меттиг яьккхина Украинерчу эшаршлакхархочо. Россин векална С.Лазаревна кхоалгIа меттиг елла.

# Къилбаседа Кавказан субъектийн мэрашна юкъахь шолгIачу меттехь

*ву Соьлжа-ГIалин мэр Хучиев Муслим*

**2016-чу шеран апрель баттахь хаамийн-аналитикин «Медиалогия» системо дIабаьхьначу талламашца билгалдаьккхина ма-хиллара, Къилбаседа Кавказан федеральни округана юкъайогIучу субъектийн пачхьенийн мэрашна юкъахь дIаяьхьначу медиарейтингехь шолгIа меттиг яьккхина Соьлжа-ГIалин мэра Хучиев Муслима.**

Ткъа хьалахарчу меттехь ву Махачкалан мэр Мусаев Муса, кхоалгIачу меттехь – Пятигорскан мэр Травнев Лев.

М.Хучиевс шуьйрачу хаамийн гIирсашкахь бина хаамаш бовзуьйту «Медиалогия» компанис: мэра дIахьедира, Нохчийн Республикин хьалхарчу Президентан, Россин Турпалхочун Кадыров Ахьмад-Хьаьжин цIарахчу Соьлжа-ГIаларчу «Нохчийчоьнан дог» маьждиган сурт («Символ России» конкурсан жамIашца пачхьалкхан символ аьлла билгалдаьккхина ду) керлачу ахчанан купюрашна тIехь хила хьакъ хилар (дукха хан йоццуш, Россин банкан советан директорша кхин а ши купюра ахча юкъадаккха бина сацам хилар хаийтира – 200 сом а, 2 эзар сом а).

Иштта, шуьйрачу хаамийн гIирсаша хаам бо, Нохчийн Республикин Куьйгалхочун декхарш кхочушдеш волчу Кадыров Рамзана М.Хучиевца республикин гIаланашкара ресторанаш, кафеш дийнахь-буса болх байтаран а, Путинан проспект кIирандийнахь бахархошна гIаш дIасабахарна паргIатонна дIакъовларан а хьокъехь къамел дина хиларх а, иштта, карарчу хенахь и дерриге гIуллакхаш кхочушдина хиларх а лаьцна.

«Медиалогия» системин шуьйрачу хаамийн гIирсийн талламашна тIе а тийжаш, хIоттийна ю вай юьйцу рейтинг. И таллам дIабаьхьначу системина юкъадогIу хаамийн 31 500 хьоста: тайп-тайпана телевиденеш, радиош, газеташ, журналаш, хаамийн агентствош, интернетехула болу шуьйрачу хаамийн кхиболу гIирсаш.

*Хь.БАХТАЕВА*

IИЛМАНЧИН ХЬЕЖАМ

# Къаьмнийн машар а, бакъонийн къепе а – терроризмана дуьхьал

**Суо Соьлжа-ГIалахь волчу хенахь Нохчийн Республикин Кегийрхойн гIуллакхашкахула йолчу министерствос а, Къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствос а къаьмнийн а, динийн а, юкъаметтигаш аьхна хилийтарехьа дечу гIуллакхийн таллам бича со чIагIвелира иза шен дуккха а агIонаш йолчу декхарийн кеп (модель) хиларан ойланехь.**

Цуьнан чоьхьара а, арахьара а цхьаьнадозаран зIенаш ю. Чоьхьара уьш Нохчийчоьнан пачхьалкхан а, муниципальни а ерриге а органаш а, юкъараллин организацеш а юкъалоцуш ю. Ткъа арахьара – ерриге а Россин Федерацихула пачхьалкхан а, муниципальни кхераме хиларх. Иза хIора махкахь йолчу бакъонан къепенна дуьхьал хилла ца Iаш, дуьненан бакъонан къепенна тIехьажийна а ю. Дуьненаюкъара терроризм глобализацин кхузаманахь долчу кхиаран билггалчу кепаша кхоьллина ю.

Дуьненахь сихачу боларшца алсамболуш бу халкъийн а, тукхамийн а барам. Къаьсттина дебаш ду адамаш Азехь а, Африкехь а. «Урхалла далуш боцучу жимачу кегарийн» механизм юкъаяьккхинчеран аьтту беш ду къаьмнийн а, динийн а хьал. Ткъа цуьнан авторалла США-хь а, цуьнан бартахо йолчу НАТО-хь а ду. Цуьнан мостагIаллин тулгIенаш Лаьтта тIехула дIасайоьлхуш ю, терроризм а яржош. Цуьнца бехха а, атта боцу а къийсам дIабахьар хьалхахьа



а структурашца, юкъараллин организацешца, цхьамогIа дозанал арахьарчу пачхьалкхашца зIенаш латтор. Оцу системин аьрда бIогIам а, бух а бу «2025-чу шаре кхаччалц болчу муьрехь Россин Федерацин пачхьалкхан къоман политикин стратеги» а, Нохчийн Республикин изза Стратеги а. Оцу системин таронаша, суна гарехь, дикка жигарадоху пачхьалкхан кегийрхойн политика кхочушъяран гурашкахь Нохчийн Республикин Кегийрхойн гIуллакхашкахула йолчу министерствон гIуллакхаш. Иза дика гуш ду 2015-чу шарахь кхочушдинчу дуккха а гIуллакхашкахь.

Россин Федерацин ерриге а субъекташ юкъаяхана а, дозанал арахьара доттагIаллин ницкъаш юкъаийзош а йолчу оцу чолхечу системо чIагIбо, къаьмнийн а, динийн а башхаллаш тIехь ловзарш лело а, адамашна юкъахь дегазалла кхолла а хIинца а цкъа аьтто болучу ницкъийн букъ кагбийриг хиларх болу тешам. Оцу зуламечу ницкъаша адамашна юкъахь нислучу галморзахаллех пайдаоьцу юкъараллехь кегарий бархьама, террористически зуламаш дарца, цIий Iенорца бакъонийн къепе йохорхьама.

2001-чу шеран 11-чу сентябрехь Дуьне кхийтира терроризм вайна массарна а, вайх хIоранна а лаьтта. Террористаш хIинца мекара бу. Царна хIилланаш, моттарханаш лело Iемина. ХIинцале а, масала, Иракехь а, Ливехь а, Шемахь а эксперташна хала ду ИГИЛ-н террористаш муьлхарнаш лара беза, «умеренни гIаттамхой» муьлхарнаш лара беза бохург къасто.

Дуьненан Хийцалуш йолчу къепенехь долчу дуьненаюкъарчу хьоло а, къаьмнашна а, динашна а юкъарчу гIоьртинчу хьоло а вайн юх-юха а доьзуьйту вай шен-шен къаьмнийн хьехашкахь охьаховшо гIертачарна дуьхьал машаре боцу къийсам дIабахьарехьа гIуллакхаш дIадахьа. Оцу гIуллакхан мах – Россин Федерацехь къоман кхерамазаллина кхачояр. Юха а билгалдаккха дезаш хуьлу къаьмнийн а, динийн а юкъаметтигашца йоьзна йолу проблемаш синтемечу бакъонийн къепенна дуьхьал хьовсийна хилар. Цунна тIе тидам бахийтира Россин Федерацин Президента В.В.Путина шен «Росси: Къоман гIуллакх» статья тIехь («Независимая газета» 12.01.2012г.).

Россин Президента куьйгалла дечу Къаьмнийн юкъаметтигийн советан кхеташонашкахь кест-кеста тидам тIебохуьйту къаьмнийн а, динийн а юкъаметтигийн хьолан мах хадорехь системни тIедахаран а, дуккха а агIонаш хьесапе эцаран а эвсараллина. Россин Федерацин тайп-тайпанчу меттигашкахь тIаьхьарчу кхаа шарахь къомаллин а, динан а агIонаш шайца йолуш хиллачу хиламийн хьесап даро таро ло билггал маьIнаш даха.

Цкъа-делахь, «къаьмнашна юкъара» аьлла статус еллехь а, оцу къизачу къийсамийн бахьана ларране а лара мегар дац къаьмнийн а, динийн а галморзахаллаш. Бахьанаш дара зуламечу, хьарамчу некъашца гулдина материальни зовкхаш карадерзорехь я дIасадекъарехь нисъелла галморзахаллаш. Кхузахь даррехь гуш ю зуламхойн тобанийн хьал-бахам гулбаран Iалашонаш. Наггахь и тобанаш вовшахтуху цхьана къомах долчу адамех. Амма иза идеологин хьежамашца деш дац, ткъа коньюктурни ойланашца деш ду: тоба социальни дIакъаьстина хилар чIагIдеш, зуламхойн кхечу тобане дехьаваларна болу кхерам лахбеш.

ШолгIа делахь, Россин Федерацин амалехь ма-хиллара, хааделира, берриге а махкахь а санна, тайп-тайпанчу меттигашкахь граждански юкъараллин структурийн ледара хилар. Адамаш машаре хилира зуламхойн тобанаша, доьзалша шайна луъург лелорца. Шайн ницкъах болу тешам дIабелира церан, закон талхочарна хIумма а деш цахилар гича (Кондопога, Кущевск, Черкизовски рынок).

КхоалгIа делахь, цу тайппана зуламхойн тобанаш вовшах а кхета, цара шайна луъу къизаллаш а лелайо меттигера Iедал царна хIуъа а могуьйтуш хилча, лартIехь долчу, законашна муьтIахь долчу адамийн дахар талхош йолчу оцу социальни суьрхашна хIуъа а тардолуьйтуш хилча. Хьаххийначуьра аьлча, экстремистийн ойла йолуш берш даима а ца Iа цхьа хан тIекхаччалц тийна-таьIна, шаьш гарх ларлуш. Дукха хьолахь уьш кура кIентий хуьлий лела, я террористийн гIеранаш хуьлу царах.

Вай даьхначу маьIнашкахь гучудолу къаьмнийн машар талхор даима а бакъонийн къепе талхорца доьзна хилар. Цундела бакъонийн къепе чIагI ца йича, къаьсттина Къилбаседа Кавказехь, терроризмана дуьхьал къийсам дIабахьаран проблема дIаяккхалур яц. Терроризман коьрта Iалашо ю, хууш ма-хиллара, къаьмнийн а, динийн а юкъаметтигашкахь долу гIоьртина долу хьал ма-хуьллу карзахдаккхар, ма-дарра аьлча мостагIалле дерзор. Дера, экономикин, культурин, адамийн бакъонаш ларъяран, кхузаманан технологийн, дешаран, кхечу законашкахь йолчу юкъаметтигаша, коьрта хиларе терра, Iедалера леррина тидам беш хилар лоьху. Делахь а, бакъонийн къепе ларъяран гIуллакхаш мехалла кхин лахара йолуш дац. ЧIагIо йоллуш бакъонийн къепе къоман кхерамазаллин коьртачех цхьа зIе ю ала мегар ду. И ца хилча, кхидерг дерриге а гIорасиз ду.

Хетарехь, Нохчийн Республикин экономикин кхиорна бух билла, йоццачу хенахь чIанадалар дIадаккха, республикин инфраструктура меттахIотто ницкъ кхочур бацара бакъонийн къепе шеконе хиллехь. Къилбаседа Кавказера хьал кхин дIора дика дацахь а, пачхьалкхан органийн, меттигашкахь шаьш урхалла даран органийн система, граждански юкъараллин структурин дакъош бакъонийн рожехь болх беш ду. Соьлжа-ГIалин а, кхечу гIаланийн а, яртийн а урамашкахь адамаша кхераман ойла а ца йо, уьш паргIат шайн гIуллакхаш деш бу.

Цу тIе дицдан ца деза къамел Россин Федерацин къилберчу дозанийн хьокъехь хилар. Оцу дозанашна гергахьа тIемаш беш ма ю дуьненаюкъара террористически организацеш. Даима а тIекхозабелла лаьтташ бу уьш Нохчийн Республике кхачаран кхерам. НАТО-на юкъайогIучу пачхьалкхаша кхоьллина йолчу «жимачу кегарийн» тулгIенаш вайн дозанашкахь ловзуш ю, къаьмнашна а, динашна а юкъарчу машарна кхерамаш а туьйсуш. Вай дицдала ца деза оцу «жимачу кегарийн» коьрта бух адамашна юкъахь йолу галморзахаллаш къовсаме ерзор хилар, царна юкъахь йолчу муьлхха а башхаллех: къоман, динан динна чоьхьарчу (суннизм, шиизм, салафизм, тIарикъат, и.дI.кх.) пайда а оьцуш. Нагахь санна вахабизмах терроризман идеологи хиллехь, НАТО-с кхоьллина «урхалла далуш боцу жима кегарий» цуьнан садаIаран система («пехаш») ю.

«Урхалла далуш боцчу жимачу кегарийн» коьрта Iалашо ю хIуъа дина а (бакъе ма хиллара, оьзда боцчу некъаца) синтем бохор, лартIехь дIадоьдуш долу дахар галдаккхар. Аьлча а, бакъонийн къепе йохор, пачхьалкхан ерриге а конструкци харцор ду. Масала, Иракехь, Ливехь, Тунисехь санна. Изза Iалашо ю Шемахь юьхьарлаьцнарг а. Тешна хиларца ала мегар ду: иза Нохчийн Республикехь чеккдер дац. Кхузахь къаьмнийн а, динийн а юкъаметтигашна, уьш аьхна хилийтарна хаддаза боккха тидам бу тIебохуьйтуш. Иза дерриге а дика гуш ду, масала, оцу декъехь болх беш йолчу шина министерствон балха тIехь. Нохчийн Республикин Кегийрхойн гIуллакхашкахула йолу министерство а, Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство а ю и шиъ. Цара беш болу болх дика бевза суна.

Лакхахь аьлларг хьесапе эцча суна чIогIа нийса хета бакъонийн къепе республикин Iедалан семачу тергонехь хилар. Зуламаш дар даьржина хилла хан дагайогIучара хадо ма-безза мах хадор бу бакъонийн къепе чIагIъяран. Цхьа а вац нуьцкъалчу структураша бинчу белхан жамIаш дайдан гIерташ. Бакъ а долуш, дика болх бина цара. Делахь а тахана дика бакъонийн къепе хиларехь а, бегIийла юкъараллин хьал хиларехь а Нохчийн Республикин Куьйгалхочун хьуьнар билггал ду. Иза иштта дац цхьамма а ца олу Нохчийчохь а, цуьнан дозанел арахьа а баккхал а террористически кхерамна хьалха нисделча.

Тахана Соьлжа-ГIалахь дийнан а, буьйсанан а муьлххачу сахьтехь боккхачу синтемехь, сапаргIат хуьлу. Тайп-тайпанчу шерашкахь, цу юкъахь «шовкъечу» 90-чу шерашкахь а хилла со Нохчийчохь. И баккхий, башха хийцамаш, кхечеран къинхьегаман хьуьнарш дай ца деш, даррехь аьлча Кадыров Рамзан бахьана долуш хилла бу. Шен исбаьхьаллица инзарвохуш, зазадоккхуш йолу Соьлжа-ГIала ца юьйцу вай.

2000-чу шеран апрелехь Социалистически къинхьегаман турпалхочуьнца Ш.Хаджиевца саьлнашна юккъехула волавелла лелла со. Цо цхьана хенахь Соьлжа-ГIалахь дукха цIенош, яккхий гIишлош йинера. Цо шен бIаьрхиш ца лечкъадора. «ГIала меттахIотталучуьра яьлла», – чIагIдора цо юх-юха а.

Амма Соьлжа-ГIала меттахIоттийра, меттахIоттийра кхул хьалха цхьанна а, цхьана а меттехь а, цкъа а гина доцчу сихачу боларшца. Мел дукха школаш, больницаш яра йохийна. Церан метта дIахIиттийна кхузаманан больницаш, школаш, библиотекаш, культурин а, спортан а туьшаш. Иштта кхуьуш, хазлуш ю Нохчийчуьра кхийолу гIаланаш а, ерриге а ярташ а. Цундела вайн чIагIдан йиш ю: къаьмнийн а, динийн а юкъаметтигаш яьхна йолчохь, кегийрхой ийманехь, Даймахке безам болуш кхиочохь, бакъонийн къепе ларъечохь кхиамаш а хуьлу, лелочух беркат а хуьлу. Иза вайна го Нохчийчоьнан масална тIехь. Кхузахь долчу хьоло вай тешадо къоман а, динан а башхаллаш а, ур-аттал галморзахаллаш а йолу тайп-тайпанчу къаьмнех а, динех а долу адамаш, лулахой санна бертахь дахарна новкъарло цахиларх. Оцу дерригенан юьхьхьехь лаьттина ву Нохчийн Республикин хьалхара Президент, Россин Турпалхо Кадыров Ахьмад-Хьаьжа. Ткъа цуьнан кIанта Кадыров Рамзана шен ден сатийсамаш дахаран бакъдолчуьнга берзийна.

***МАКУЕВ Руман,***
***Орловски пачхьалкхан университетан кафедрин заведующи, юридически Iилманийн доктор, милицин полковник***

ИЭС

# Лензалле гIулч

**Дукха хан йоццуш дуьненарчу дукхах йолчу пачхьалкхашкахь билгалдаьккхира Фашистийн Германина тIехь толам баьккхина 71 шо кхачар. Оцу дийнахь дагалецира тIамехь дакъалаьцнарш берриге а. Кхин а эзар шо даларх, 9-чу майхь халкъаша дагалоьцур бу хIара дуьне фашизман мокхачу уьнах кIелхьара даьккхинарш берриге а, хIора а ша-ша а, царна юкъахь эзарнаш, эзарнаш вайн махкахой а. Шайн догIмаш, синош толаман дуьхьа махийна дIаделла цара. Оцу турпалхошна юкъахь хьахо хьакъ ву Ибрагимов Жалавди (Джалауди).**



Шеларчу Iалавдин доьзалехь кхиъна вара иза. Дукха хьалхе воккха хила, дахарехь шен некъ лаха, оцу некъа тIехь мехкан а, халкъан а дуьхьа къахьега лууш вара иза. Цо и некъ юьхьар а лецира. 1938-чу шарахь Жалавди Нохч-ГIалгIайн Iилманан-талламан меттан а, историн а институте балха вахара. Цигахь цо Нохч-ГIалгIайн дошаман «переписчикан» даржехь болх бира кIеззигчу хенахь.

Алссам хаарш долуш а, къинхьегамна тIера а волу Ж.Ибрагимов оцу балхахь синхьаам хуьлуш вацара. Цундела 1939-чу шеран январь баттахь республикин «Ленинец» газетан редакце балха вахара («Комсомольское племя» цIе тиллира газетана тIаьхьуо). Къоначу корреспондентийн отделана куьйгалла дар тешийнера цунах. Воккхаварца бора цо болх. Даима цунна гуонаха хуьлура къона журналисташ. ХIара ша а ма вара къона а, нийсархошна масал хилла лаьтташ а.

Амма цIеххьана, оццу шеран ноябрь баттахь Щечу Эскарехь гIуллакхдан кхайкхира Жалавди. Бита дийзира дагна безабелла болх. Цул а сийлахь а, деза а дара бIаьхаллин декхарш кхочушдар. Цунах дика кхеташ волчу нохчийн кIанта боккхачу лаамца караерзайора бIаьхаллин говзаллаш. ЧIогIа яхь йолуш вара иза. Цундела деш дерг массарачул а дика, сиха, говза дан гIертара. Цуьнан и амал чIогIа тайнера командирашна. Иза масална валавора даима а. Чекхйолуш яра эскарехь гIуллакхден хан. ЦIа вахаран а, цIа вахча ша ден долчун а ойланаш яр хIинца кест-кеста хуьлура Жалавдин. Мерза сатийсамаш бара



цуьнан маьршачу дахарца боьзна. Делахь а и сатийсамаш кхочушхила боьгIна цахиллера. Ямартлонца, тешнабехкаца Советийн Союзана тIелетира фашистийн Германи. Ж.Ибрагимов тIеман-гIашлойн училище деша хьажаво, лаккхара кхетам а, ира хьекъал а, майралла а, доьналла а долчу салтичух эпсар ван дагахь. Цигахь кхиамца дешна ваьлла вайн махкахо, къона эпсар фронте вохуьйту.

Тайп-тайпанчу меттигашкахь фашисташна дуьхьал тIемаш бо цо. Билггал хууш дац Ж.Ибрагимовс маца, муьлхачу фронтехь тIемаш бина. Амма шеко йоцуш ду мостагIех и дера летта хилар, шегара цо доккха хьуьнар, стогалла, турпалалла гайтина хилар. Цунна бIаьрла тоьшалла ду фронтерчу цхьана газетехь зорбатоьхна хилла статья. Цу тIехь дуьйцу лакхарчу лейтенанта Ибрагимов Жалавдис куьйгалла деш хиллачу ротерчу бIаьхойн хьуьнарех а, царна масал хилла лаьттачу командирах а лаьцна.

… «ТIаьхьарчу тIемашкахь лакхарчу лейтенантан Ибрагимов Жалавдин ротин тIемалоша шайн сий а, ларам а тIех лакхабаьккхина.

ваьккхира, шен бенахь хIаллаквира. Амма и толам а, толаман шатлакх а ган доьгIна ца хиллера Ленинградски областан Старорусски районерчу Сычево (Давыдово) юьртана къилбаседа-малхбузе агIор хиллачу буьрсачу тIамехь воьжначу Ибрагимов Жалавдина. Цхьана а дийнахь, мел хала киртиг тIехIоттарх цуьнан шеко ца хиллера советийн халкъо фашистийн Германина тIехь толам боккхург хиларх. Ша цIа яздеш хиллачу хIора кехата тIехь Жалавдис чIагIдора: « Тхо толамца цIа доьрзур ду! Самагатде!».

АтагIарчу Гериханов Iабдуллин карахь волуш дIавелира турпалхо. Цул тIаьхьа ша цуьнан дега Iалавдига яздинчу кехата тIехь Iабдуллас чIагIдора: «Жалавди вер бекхам боцуш ца дитина оха мостагIашна. Цуьнан хIора тIадамана дуьхьал мостагIчун цхьа чийлик хиллал боьха цIий Iанийна оха…». Шен кехат чекхдоккхуш цо тIетоьхнера: «Кехат чекхдоккху ас. Немцой тIелеташ бу. Нагахь санна со дийна висахь, дерригенах а лаьцна ма-дарра яздийр ду». Амма иза а вуьйжира тIамехь, шегара майралла, стогалла гойтуш.

… Суна хьалха Iуьллу ирча кхаъ бохьуш Iалавдига еана кехатан цуьрг, «Извещение» аьлла йоза а долуш. «Похоронка» олуш хилла цунах тIеман хенахь. Цу тIехь яздина ду: «Шун воI Ибрагимов Джалаудин Алаудинович Социалистически Даймохк ларбарехьа дIахьош хиллачу тIамехь, ша йина хиллачу чIагIонна тешаме хилла а вуьсуш, шегара турпалалла а, майралла а гойтуш тIамехь воьжна 1943-чу шеран 4-чу майхь». Iалавдин бераша, берийн бераша тахана а ларъеш ю и кехатан цуьрг, Жалавдица йолу мерза



… КIохцал-серийн дуьхьарлонаш йохийначул тIаьхьа бIаьхой майрра хьалхахьа бахара, мостагIчун керташна тIех лелхаш, цул тIаьхьа яккхийчу саьнгаршна тIех а буьйлуш. Немцоша луьра дуьхьало йора. Делахь а, ротин бIаьхой хьалхахьа оьхура, фашистех вайн мохк схьабоккхуш. Шен куьйга кIелахь болчу тIемалошна майраллин а, доьналлин а, турпалаллин а масал гойтура лакхарчу лейтенанта Ж.Ибрагимовс. Шен куьйга иттех фашист хIаллаквира цо. Ибрагимовс шегарчу хьуьнарца ир-кара хIиттабора шен бIаьхой, церан дог-ойла гIаттайора. ТIом уггар а марсабаьллачу хенахь ротин командир мостагIчун дIаьндаргаша вожийра. Шена тIехьаьлханчу бIаьхошка цо аьлла тIаьххьара дешнаш иштта дара: «Накъостий, мостагI дехьа ма валийталаш. Сацавелаш йовсар!» Цуьнан бIаьхоша шайга дина весет лерира и дешнаш. Цара мостагI сацийра, чекх ца валийтира, лаьллина вайн махках зIе хадош еана йолу... ХIан-хIа. Нийса дац иза иштта алар. Турпалхой леш бац. Шайн турпалаллица лензалле (бессмертие) гIулч яьккхинарш, тIаьхьенийн дегнашкахь баха буьсуш бу, цаьрца йолу зIе хадийта, хадо йиш йолуш яц.

Вайн декхар ду оцу турпалхойн цIерш урамашна, школашна тахкар. Церан цIерш дашочу шекъанца язйина, хIолламаш хIора юьртахь, гIалахь, шахьарахь дIахIиттор. Даймехкан а, халкъан а дуьхьа, вайн маршонан а, паргIатонан а дуьхьа шен са дIаделла къонах, турпалхо вайх хIоранна а вевзаш хила веза. Вайн халкъо абаде кхаччалц дагахь латто везаш турпалхо хилла лакхара лейтенант Ибрагимов Жалавди. Ваха ца лууш, дуьне ца дезаш ца велла иза. Цуьнан цIарах урам хила безара Шела шахьарахь а. Цуьнан верасшначул чIогIа вайна, вайн тIаьхьенашна оьшу иза. Вайн декхар ду иза.

***С.ХАСАНОВ***

ДАГАДОВЛАР

# ЧIагIлуш ю къаьмнийн юкъаметтигаш

**Дукха хан йоццуш, Соьлжа-ГIалахь Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин динан а, юкъараллин а организацешца зIенаш латторан департаментехь дIаяьхьира «Бахархойн цхьааллин сий-ларам чIагIбаран а, лакхабаккхаран а, къаьмнийн юкъаметтигаш аьхна яран а, халкъийн этнокультурни кхиор а» темина лерина «горга стол».**

Иза вовшахтоьхнера адамийн бакъонаш ларъяран регионашна юкъарчу юкъараллин «Коалиция» боламо. Цигахь дакъалецира оцу боламан председатела Яхъяев Денис, Нохчийн Республикин Куьйгалхочун а, Правительствон а Администрацин динан, юкъараллин организацешца зIенаш латторан департаментан директоран заместителa Эльмерзаев ИсмаьIала, къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствон векала Вазаралиев Висадис, Нохчийн Республикин Юкъараллин палатин куьйгалхочун



заместителa, республикин правительственни республикин йоцучу организацийн регионан Союзан председателa Муцаев Мамис, иштта республикин Юкъараллин палатин декъашхоша.

Цхьаьнакхетар дIадолош Д.Яхъяевс доклад йира СССР йоьхначул тIаьхьа къаьмнашна юкъахь хилла хьелаш довзуьйтуш. Иштта, цо билгалдаьккхира вайн республикехь дехаш иттанаш къаьмнаш хилар, церан атта дахар хилийта республикин куьйгалло массо а тайпа хьелаш кхуллуш хилар.

И.Эльмерзаевс баркалла элира юкъараллин организацийн дакъалацархошна цара бечу балхана, республикехь и тайпа гIуллакхаш дIадахьар мехалла хилар билгалдаьккхира.

Цхьаьнакхетар дерзош юкъараллин векалшна Сийлаллин грамоташ а, мидалш а елира.

Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерствон Сийлаллин грамота елира Д.Яхъевна, «Бахархой социальни Iалашбарна» юкъараллин мидалшца билгалбехира М.Дунаев а, В.Вазаралиев а. Иштта, «Коалиция» боламан Сийлаллин грамоташ елира «Грозный-Информ» хаамийн агентсвон политикин-бакъонийн отделан редакторна И.Джабраилована а, оццу отделан корреспондентана Л.Цагуевана а.

***Хь.ЭЛЬБЕРТОВА***

ТЕАТР

# Селхене юхахьаьжча…

## Юьхь

Нохчийн къоман культура кхиорехь шатайпа лераме меттиг дIалоцуш ю къоман театр. Тахана, гIеметтахIоьттина, кхиамца болх беш ю иза. ХIинца-м масех театр ю Соьлжа-ГIалахь. Уьш дерриге а нохчийн къоман театральни искусствон мехала дакъош ду. Массо а театр вайна дукхаеза. Ткъа цхьа бIе шо хьалха и дозаллаш дойла вайн яцара. Нийса хир дац театр езарш бацара аьлча. Оьрсийн пачхьан эскаран эпсар волу Шерипов Хьайдарбек гIоьртира Соьлжа-ГIалахь театр кхолла. Нохчийн драматурги цу муьрехь зIийдиг тасаза хиларна Л.Андреевн а, В.Гаршинан а пьесаш хIитто лууш, цхьайолу ролаш ша ловзош къахьийгира цо 1905-чу шарахь Соьлжа-ГIалахь. Делахь а, нохчий кийча бацара, текхно безамах къамел деш болу оьрсийн яздархойн турпалхой дагца къобалбина тIелаца а, церан бехке боцчу лаамех кхета а. Бакъду, шен вашас Зойрбека сценари язйина Хьайдарбека театрализовани нохчийн синкъерам хIоттийра 1912-чу шарахь аьхка Соьлжа-ГIалина юккъехь болчу Александровски урамехь, тIаьхьо иза Первомайски урам хилира, хIинца-м иза шайх Митаевн цIарах урам бу. Синкъерамах Iаламат чIогIа самукъадаьллера хьовсархойн. Нохчийн къомах боцчу кегийрхошна а тIехь чIогIа тайнера иза. Юха а хIоттон беза бохуш хабарш дара дуьйцуш. Делахь а, кхин цкъа а синкъерам хIоттабале, дуьненан хьалхара тIом болабелира, тIаккха цунна тIаьххье 1917-чу шеран революци схьакхечира. Цкъачунна театр дагайогIучохь дацара нохчийн халкъ. Амма советийн Iедал дIахIоьттинчу хьалхарчу шерашкахь дуьйна Соьлжа-ГIалахь кхиамца болх бан йолаелира драматически кружокаш. Цунна къеггина тоьшалла ду 1926-чу шарахь Ростов гIалахь дIаяьхьна Къилбаседа Кавказерчу халкъийн театральни фестиваль. ТIаьхьо, вевзаш волчу нохчийн яздархочо Ошаев Халида куьйгалла дечу драматически кружокан векалш бара оцу фестивалехь дакъалоцуш. Ошаевн «Дайн Iедал» цIе йолу цхьана актах лаьтташ йолчу пьеси тIехь хIоттийна спектакль яра цара гайтинарг. Къона актераш тIех дика ловзарна, похIма долуш хиларна шолгIа меттиг елира жюрис Соьлжа-ГIалара баьхкинчу хьешашна. Цу муьрехь и тайпа драматически кружокаш алссам хилла Нохчийчохь. Делахь а, Нохчийн къоман театран бух хилла дIахIоьттинарг 1928-чу шарахь Яндаров Мохьмада вовшахтоьхна драматический кружок ю.

## Хьалхара гIулчаш

Юьхьанца дуьйна цу тобанца болх беш хилла нохчийн литературин бухбиллархо Бадуев СаьIид. Цундела кхаьчна хила там бу Яндаровс куьйгалла ден театральни тоба юьхьарлаьцначу Iалашоне. Леррина цу тобанна яздора СаьIида забарийн дийцарш, тайп-тайпана интермедеш, скетчаш. Дукха хьолахь, дIадаьлла бодане мел дерг емалдеш, советийн Iедало серлайохучу керлачу анайистех хуьлура тобано хIиттайо постановкаш. Хьовсархойн самукъадоккхура цара. Луш алапа дацахь а, актераш хила луучу кегийрхоша къахьоьгура де а, буьйса а ца лоьруш. Церан жигаралла тидамза юьсийла дацара. Яндаров Мохьмад а, цуьнан накъостий а къар ца баларо леррина сацам тIеэцийтира Нохчийчоьнан куьйгалле, 1931-чу шеран 1-чу майхь дуьйна къоман театральни студи схьайоьллуш. Яндаров Мохьмада куьйгалла дечу драматически кружокерчу актерашна корматаллин баххаш довзийта Iалашо йолуш, хьехархой кхайкхира студехь болх бан. Актеран говзалла нохчийн къоначу артисташна караерзо гIо-накъосталла деш вара режиссер Владимир Шатов. Мукъамийн баххаш довзуьйтуш композитор Георгий Мепурнов вара. Дийнахь театрах, музыкех, хелхарех йолчу лекцешка ладугIура студийцаша, ткъа суьйранна, хьалха санна, самукъане спектаклаш хIиттайора. Цул сов, дукха дацахь а, мелла а алапа дара студехь доьшуш болчу актерашна диллина. Шина шарахь дийшира студийцаша. 1933-чу шеран 1-чу майхь хилира студийцийн дипломни спектакль. Леррина цу балхана Бадуев СаьIида керла пьеса язйира. Цуьнан цIе «ЦIен гIап» яра. Изза цIе йолуш дипломни спектакль хIоттийра студийцаша. Iаламат боккхачу кхиамца чекхъелира «ЦIен гIап» спектаклан премьера. Дукха адам дара премьере гулделла. МогIарера спектакль хилла Iаш яцара «ЦIен гIап». Нохчийн къона актераш шайн кхоллараллин кхиарехь зер а дара иза. 1933-чу шеран июнь беттан хьалхарчу деношкахь Iалхан-ГIалахь хиллачу цIечу партизанийн республикански конференцехь гайтира и спектакль. Ткъа 1933-чу шеран 11-чу июнехь арадаьллачу «Известия» газетан агIонаш тIехь йоккха статья зорбане елира, Нохчийчохь къоман театр кхоллаяларх дуьйцуш, цигахь болх беш болу похIме актераш хьехош, революционни шовкъах юьззина йолу «ЦIен гIап» спектаклан бухе йиллина, изза цIе йолу пьеса язйинчу авторан корматаллин таронаш хестош. Иза боккха кхиам бара. Театран сцени тIехь хьалхара гIулчаш йохучу къоначу актерашна мерза кхаъ бара иза. Ткъа цу спектаклехь къеггина васташ кхоьллинарш а, нохчийн къоман театр кхоллаяларан хьостанехь лаьттинарш а хIара адамаш дара: Бадуев Мовжди, Зубайраев ЯрагIи, Чимаев Хьамид, Исаева Асет, Мустапаева Хьулимат, Ташухаджиева Асет иштта дуккха а кхиберш. Церан башха хьуьнарш, лаккхара корматалла ю нохчийн халкъ шайн къоман театрах хоттадалийтинарг.

## Кхиаран новкъахь

1934-чу шарахь Москвахь долчу лакхарчу Iедало шен сацамца вовшахтуьйхира Нохчийчоь а, ГIалгIайчоь а. Вайн махках Нохч-ГIалгIайн Автономни Советски Социалистически Республика хилира, коьрта шахьар Соьлжа-ГIала а йолуш. Керлачу субъектехь хийцамаш бан буьйлабеллачу куьйгалхоша къоман театр а шайн тидамера ца ялийтира. Цара кехат яздира Гуьржийчу, цигарчу хьаькамашка вайн къоман театр когайоьдуш гIо-накъосталла дар доьхуш. Сихха жоп деара Гуьржехара. Гуьржийн куьйгалхоша шаьш долчу Iама дIакхойккхура нохчийн къона актераш. Соьлжа-ГIалахь буьсуш болчаьрца болх бан режиссер Чхартишвили Арчил ваийтира цара. Нохчийн кегийрхойн йоккха тоба яхара Тбилиси, шайна юкъахь Хакишева Хьава, Саидов Билал, Зубайраев ЯрагIи, иштта кхиберш а болуш. Соьлжа-ГIалахь биснарш бацара мукъа Iаш. Чхартишвилис шеца керла пьеса еанера вайнехан театрехь хIотто дагахь. Пьесин цIе «Анзор» яра. Цуьнан автор гуьржийн драматург Шаншиашвили Сандро вара. Оцу пьеси тIехь спектакль хIотторца дIаболийра режиссера вайнехан театрехь болх. Спектакль Iаламат шовкъе нисъеллера. Хьовсархоша езаш тIе а эцнера. Нохчийн яздархочуьнца Бадуев СаьIидца уллора гергарло тасаделлера Арчилан. Иштта цаьрца гергарло лелош вара композитор Мепурнов Георгий Христофорович. Каяьллачу минотехь нохчийн ярташкхула чекхволура кхо доттагI. Чхартишвилис вайнехан Iер-дахаран кеп йовзар лоьхура оцу экспедицешкахь. Бадуев СаьIида баккхийчу нехан къамелашка ладугIура, къоман бартан кхоллараллин жовхIарш дIаяздора, юьртан дахарехь забаре мел долчун сема тидам бора. Ткъа Мепурнов нохчийн мукъамаш дIаязбеш хуьлура. Иза цецвуьйлура церан исбаьхьаллех, лаккхара мах хадабора нохчийн ширачу мукъамийн а, узамийн а. Цхьа хан яьлча и дерриге а керлачу спектакле доьрзура. Цу муьрехь язйина ю Бадуев СаьIидан дукхахйолу пьесаш. «Лаьмнаш хийцалуш», «Дашо Iам», «ЦаIебас зуда ялор», «Большевикаллица ялта дIадер», иштта дукхха а кхиерш. Уьш ерриге а Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театран сцени тIехь хIиттийна пьесаш ю. Бакъду, цхьана Бадуев СаьIидан пьесаш хIиттийна Iаш-м яцара вайн театр. Режиссер Чхартишвили Арчил а волуш театро хIоттийна Пшавелин Важа новеллаш тIехь «Ламара» цIе йолу спектакль, оьрсийн драматурган А.Корнейчукан пьеси тIехь «Платон Кречет» цIе йолу спектакль.



1936-чу шарахь кхиамца Москвахь театральни институт чекхъяьккхина Соьлжа-ГIала цIавирзира нохчийн дуьхххьарлера режиссер Батукаев ХIарон. Гуьржийн драматургаша И.Гамрекелис, Нахуцришвилис яздинчу «Майра Кикила» цIе йолчу туьйранна тIехь хIоттийна яра цуьнан дипломни спектакль. Цуьнца цхьаьна къоначу режиссера хIоттийра Саидов Билала язйинчу «Зайнап» цIе йолчу пьеси тIехь изза цIе йолу спектакль а. Къаьсттина кхиамца чекхъелира «Майра Кикила» цIе йолу спектакль, коьртачу ролехь Бадуев Мовжди волуш. Вайн махкахошна хазахетта Iаш яцара шовкъе спектакль. 1938-чу шарахь Москвахь а гайтира иза. Цигахь зорбане дуьйлучу дукхах долчу газеташа лаккхара мах хадийра нохчийн актерийн а, къоначу режиссеран а белхан. Мерза кхаъ бара иза вайнехан театральни искусство кхиочу беркатечу новкъахь, хьанал къахьоьгучу адамашна. Москварчу говзанчаша, театрезархоша бинчу хастамаша дог-ойла ир-кара хIоттийнера вайн актерийн, кханенах тешийнера, керлачу анайистошка сатийса бакъо хиларх дегайовхо чIагIйинера. Делахь а, вай дагадаийта деза дийца даьхнарш ХХ-чу бIешеран 30-гIа шераш хилар. Сталинизман къизалло олалла ден мур бара иза. Дукха адам хIаллакдинера цхьа бахьана а доцуш. Цхьана Нохч-ГIалгIайн Республикехь 31-чу июлан суьйранна НКВД-с дIайолийначу операцехь 1-чу августан сай-бодий къастале

14 000 стаг чувоьллинера. Цул тIаьхьа а дIалехьош дара бехк боцу адамаш. Нохчийн дукха яздархой бара царна юкъахь. Царах цхьаъ вара Бадуев СаьIид. 40 шо кхачаза вара иза чувуллуш, шен кхоллараллица гIеметтахIоьттина хиллехь а. «ПетIамат» цIе йолу керла драма язйина ваьлла, театрехь цуьнан репетицеш йойтуш вара яздархо дIалоцуш. Герга дара премьерин де а. Делахь а, цу муьрехь ган йоьгIна ца хиллера махкахошна «ПетIамат». Бадуев СаьIид чуволларал сов, театр а дIакъевлира, национализман бен бу аьлла. Чхартишвили Арчилан хьехархо хилла волу Ахметели Сандро Тбилисехь чувоьллина аьлла шийла кхаъ кхечира. Вайнехан къоман драматически театр кхуллуш гIо-накъосталла дан веанчу режиссерана, вайн махкахь цхьа бохам хиларна кхоьруш, нохчийн актераша лаьмнашкахула дехьа ваьккхина Гуьржийчу дIахьажийра иза. Буьрса зама яра, маьршачу адамийн дегнаш шелдеш, кханенах дог дуьллуьйтуш, вовшашка болу тешам дIабоккхуш. Масех баттахь къевлина лаьттира Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан театр. Инзаре ирча бехк бара цуьнан кхоллараллин тобанна тIетеIош берг. Даймахкана а, советийн халкъана а ямартчу идеологин репертуарни политика дIакхоьхьуш лоьрура НКВД-с къоман театр. Цундела дукхах болчу нохчийн актерех а тешам байначух тера дара, юьхь-дуьхьал кхаьрга схьа ца алахь а. Мукха делахь а, эха шарахь сов болх бан бакъо ца луш, къевлина лаьттира Соьлжа-ГIалара Нохч-ГIалгIайн драматически театр. Эххар а, къоначу яздархочо Музаев Нурдис язйина «Асет» цIе йолу керла пьеса еара республикин культурин министерстве. Иза советийн Iедало Кавказан къоьжачу лаьмнашка деанчу ирсах, компартис дIакхойкхучу сирлачу анайисте дIакхача болчу лаамца, нохчийн кегийрхой дог резадина новкъабевлла хиларх а лаьцна яра. Массарел а жигара хьийзаш яра пьесин коьрта турпалхо Асет. Коммунизман зевнечу зIаьнарех Iехаделла ловзадуьйлура цуьнан кийрара къона дог. Нохч-ГIалгIайн республикин куьйгалхошна Iаламат чIогIа тайра пьеса. Сихха иза къоман театран сцени тIехь хIоттор тIедуьллуш, кхидIа а болх бан бакъо елира нохчийн актерашна. Театран коьрта режиссер В.Вайнштейн хIоттийра. «Асет» спектакль хIоттор Батукаев ХIароннa дитина, В.Вишневскийс язйинчу «1919» цIе йолчу пьеси тIехь болх бан волавелира театран коьрта режиссер. 1919-чу шарахь Сталин Иосифа гайтинчу доьналлех, майраллех, Россин халкъаш ирсе кхачо Iалашо йолуш цо гайтинчу хьуьнарех яра пьеса. Цу спектаклана чIогIа резахилира республикин куьйгалхой. Цул тIаьхьа театро гуьржийн драматурган Г.Мдиванин «Честь» пьеса хIоттийра. В.Биль-Беловцерковскийс язйинчу «Шторм» цIе йолчу пьеси тIехь, изза цIе йолу спектакль хIоттийра. Театран болх а, и спектаклаш а хестош Iаламат дукха статьяш ю оцу муьрехь Соьлжа-ГIалахь зорбане дийлинчу газеташ тIехь. Цунах там хиллачу Iедалан векалша 1938-чу шеран август баттахь театрера кегийрхойн йоккха тоба Москварчу театральни институте деша хьажийра, цаьрга Iилманан буха тIехь актерийн говзалла кхоччуш караерзайита. Иза а советийн Iедалах схьадаьлла беркат лорура меттигерчу газеташа. Лаккхара говзалла йолуш хIора къоман театрехь болх бан актераш кхиор, советийн Iедалехь бен хила тарлуш дац бохуш, яздора шуьйрачу хаамийн гIирсаша. Амма газеташа дуьйцург цхьаъ дара, ткъа хьовсархойн лехамашкахь кхин хиллера. Уьш мелла а хера бовла буьйлабелира коммунистически идеологино театр хьаша йолийча. Нохч-ГIалгIайн республикерчу бахархоша, дукха хьолахь театрехь лоьхург самалхадалар дара, дахаран шогаллех жимма садаIа, шайн самукъадаккха богIура уьш театре. Революционни шовкъ а, цуьнга кхойккхурш а цу муьран дахарехь хьаьхнера. Цунах сихха кхийтира театран исбаьхьаллин куьйгалхой. Театран коьрта режиссер волчу Вайнштейн Владимира нохчийн къоначу яздархочуьнца Музаев Нурдица цхьаьна керла самукъане пьеса язйира, вайнехан халкъан забаре дийцарш бухе доххуш. Пьесин цIе «Мекхаш-Мирза» яра. Цу пьеси тIехь хIоттийна спектакль мерза кхаъ хилла дIахIоьттира театрезархошна. Мукъа Iаш режиссер Батукаев ХIарон а вацара. Нохчийн поэтаца Гадаев Мохьмад-Салахьца къоман бартан кхоллараллина тIетевжаш «Адин Сурхо» цIе йолу пьеса хIоттийна, театран сцени тIехь гайтира цо. Цул сов, дуьненна вевзачу Мольеран «Лекарь по неволе» пьеса хIоттийнера цо. Иштта М.Лермонтовн говзара тIехь «Бэла» спектакль хIоттийнера. Буденый Семенан хьуьнарех дуьйцуш «Олеко Дундич» цIе йолу спектакль яра театран репертуарехь. Доцца аьлча, хьакъ доллучу тIегIане вайнехан театр хьалаяккха лууш, хьанал къахьоьгуш бара нохчийн актераш, де-буьйса ца лоьруш. Амма дерриге а дохийра 1941-чу шеран 22-чу июнехь дIаболабеллачу Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамо.

## Буьрсачу тIеман шийла денош

Ямартлонца фашисташа тIелатар дина, Сийлахь-боккха Даймехкан тIом дIаболалучу деношкахь, Веданахь гастролашкахь яра вайнехан къоман театр. Алссам спектаклаш яра театро веданхошна гайта яьхьна. Амма Даймахко шийла орца даьккхинчу минотащкахь, театран актераш шайн лаамца циггара ЦIечу Эскаре гIуллакх дан бахара. Ибрагимов ИсмаьIал, Туликов Абухьаьжа, Горчханов Iусман, Исаев Тапа, вежарий АлхазовгIар Тута а, Сайд-Ахьмад а, Гандаев Сайда, Сатабаев Ширвани, Докаев Сайд-Ахьмад, Магомадов Ваха, Сапаров Мохьмад, иштта яра 1941-чу шеран 23-чу июнехь Веданара тIаме дIабаханчу актерийн цIерш. Москварчу театральни институтера, доьшуш болччуьра, тIаме дIабахна вайнехан студенташ а тIетоьхча, уьш ткъа сов стаг хуьлура. БIаьрг-негIар ца тухуш, луьрачу мостагIчуьнца тIеман арахь юьхь-дуьхьал хIотта, Москвара дIабаханчу турпалчу кIентий цIерш хIорш ю: Шоипов Хьасан, Цароев Iабдулла, Магомаев Мохьмад, Мациев Ваха, Баркинхоев Хьасан. Бакъду, царах кхо стаг бен дийна цIа-м ца вирзира. ТIом болабеллачу хьалхарчу дийнахь, шайца болу мехкарий балош Татаев Ваха, Хамидов Iабдулла Нохчийчу цIавирзира. Бакъду, цIабирзинера аьлла мукъа Iан йиш ца хилира церан. ЦIахь бисинчу а, Москвара цIабирзинчу а актерех цхьаьнатоьхна йоккха концертни бригада йира. И бригада ЦIечу Эскаран векалшна хьалха концерташ яла декхарийлахь яра. Кхаа шарахь дIакхийхьира вайнехан артисташа и хала некъ. Шело, гIело, мацалла ловш. Нохч-ГIалгIайчохь концерташца уьш кхачаза меттиг яцара. Цул сов, Ставрополь, Ростов, гIалмакхойн аренаш гезйина вайн актераша, чевнаш хилла госпиталехь болчу бIаьхошна хьалха концерташ луш. Исаева Асет, Хакишева Хьава, Исакова Зина, Айдамирова Марем, Ганукаева Йисита, Алиева Тамара, Зубайраев ЯрагIи, Докашев Ваха, Садыков Iандарбек, Чимаев Хьамид, Эсамбаев Махьмуд, иштта дукхха кхиболу артисташ бара оцу концерташкахь дакъалоцуш. 1942-чу шеран июнь баттахь Армавире кхечира вайнехан артистийн бригада, цигахь цкъачунна туп тоьхна лаьттачу Нохч-ГIалгIайн 255-чу дошлойн полкан бIаьхошна хьалха концерт яла Iалашо лаьцна. Iаламат чIогIа самукъадаьллера вайн турпалчу махкахойн Нохчийчуьра артисташ шаьш долчу кхаьчча. Шина кIирнах сов, цхьаьна мерза хан яьккхира цара. Цул сов, шайна лучу алапах ахчанаш вовшахтоьхна фронте дIахьажо цхьа танк а ийцира къоман театро. Цуьнца цхьаьна, – 1943-чу шеран бIаьстенан юьххьехь дехарца Москва кехат а дахьийтира театран артисташа Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театрана Советийн Союзан Турпалхочун Нурадилов Ханпашин цIе тиллар доьхуш. И дехар кхочуш а хилира. Бакъду, мел даккхий совгIаташ вайнехан къоман театро динехь а, мел яккхий сийлахь цIерш цунна техкинехь а, дерриге а нохчийн халкъана цIевзина схьакхечира 1944-чу шеран 23-чу февралан шийла Iуьйре. Вайнах махках бехира. Оцу декъазчу декъахь яра вайнехан къоман театр а. ДIасабаьржира иттех шарахь сов халкъан дозалла хилла лаьттина нохчийн актераш. Ур-аттала Пятигорскерчу оперни театрехь болх беш хилла Эсамбаев Махьмуд а ца витира Кавказехь. Казахстане, ГIиргIизойчу йоьдучу шалонна дуьхьалваьккхина, Пятигорскехь цIерпошта тIе хаийра, похIме хелхарча. Дерриге а нохчийн къам а советийн халкъийн мостагI лерийнера. Цуьнгара даьлларг хIун ду хууш цхьа а вацара. Шаьш мича буьгу хууш нохчий а бацара. Делахь а, шалон дIа а йолаелла зударийн, берийн маьхьарий девлча, божарий боьхна хьаьвзича, цхьана воккхачу стага мохь тоьхнна эли бахара: «Дукха дохий ма хьовзийша нохчий! Дела воцчу вай дуьгийла яц, Цо вай Шен къинхетамах дохур дац!»

Массара лайна хало а, гIело а, шело а, харцо а лан дийзира нохчийн актерийн Казахстанехь доккхучу кхойтта шарахь. Бакъду, мукъа Iаш-м бацара уьш цигахь а. Уггаре а вайнехан адамийн гIаддайначу муьрехь, Джамбульски областан Лениногорскерчу шахтехь болх беш хиллачу нохчийн дуьххьарлерчу режиссера Батукаев ХIарона 1946-чу шеран чаккхенехь, цIеххьана дагаваьлла, схьагулбира юххерчу кIошташкахь болу вайнехан артисташ. Керла 1947-гIа шо тIекхачале «Аршин-мал-Алан» спектакль хIотто дагадеанера цунна. Садыков Iандарбека, Ганукаева Йиситас, иштта кхечу артисташа дакъа а лоцуш, цара хIоттийра и спектакль. Хьовсархоша Iаламат чIогIа самукъадаларца тIеийцира иза. Дагахь доцу кхиам спектаклан хилча, цигарчу бахархойн дехаршца вайнехан актераша оьрсийн маттахь а хIоттийра «Аршин-мал-Алан» спектакль. ТIаккха казахийн маттахь а хIоттийра. Эххар а, Джамбулерчу Iедале хаам кхечира, хIора буса клубехь алссам адам гулдой, нохчий уьш делош бу аьлла. ТIаккха схьаккхечира Iедалан векалш. Амма кхара лелош долчух кхетча, цара Батукаев ХIарон Джамбуле дIавигира, цигахь оьрсийн драматически театр вовшахтохар тIе а дуьллуш. Цундела вайн массеран а дозаллица дийца йиш ю, Джамбулера оьрсийн драматически театр нохчаша вовшахтоьхна хиларх лаьцна. 1957-чу шарахь вайнахана цIаберза бакъо яьлча а, 13 шарахь Даймахке сатийсинчу Батукаев ХIаронан цIаверза йиш ца хилира. Иза театрехь коьрта режиссер вара, цундела хIитто йолийна спектаклаш чекх ца евлча цуьнан юкъара волийла дацара. МеттахIоттийначу Нохч-ГIалгIайн республикин культурин министерствос иза цIавоьхуш Москварчу Iедале дукха кехаташ яздар бахьанехь 1958-чу шарахь кхечира иза дай баьхначу лаьтта тIе.

## Театр меттахIоттор

13 шо хьалха Iедало махках баьхна артисташ берриге а цIа берзийна 1958-чу шарахь болх бан йолаелира Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан Советийн Союзан Турпалхочун Нурадилов Ханпашин цIарах йолу драматически театр. Нохчийн яздархочо Ошаев Халида язйинчу «Асланбек Шерипов» цIе йолчу пьеси тIехь хIоттийначу спектакальца дIаболийра театро шен болх. Цул тIаьхьа Мусаев Мохьмада язйинчу «Теркан тулгIенаш» цIе йолчу пьеси тIехь хIоттийра спектакль. Патриотизман тема яра цу муьрехь хьалхаяьккхинарг. Цуьнан а шен бахьанаш дара. «Аьхка лаьхьанах кхийринарг, Iай карсах кхоьру», – бохург санна. «Шерипов Асланбек» спектаклехь вуьйцург Нохчийчоьнан ЦIечу Эскаран командир хилла Шерипов Асланбек хиллехь а, «Теркан тулгIенаш» спектаклехь Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIамехь дакъалаьцна нохчийн кIентий бара. Церан доьналла, майралла, яхь дIа ца луш бала кийча хилар дара гойтуш.

Вайнах цIабирзинчу 1957-чу шарахь кегийрхойн йоккха тоба хьажийра Ленинградерчу театральни институте деша, актерийн говзалла караерзо, корматаллин баххаш Iамо. Театрехь студи схьайиллира. Москвара баьхкина режиссераш М.Минаев, цуьнан хIусамнана Л.Горькая бара театрехь болх беш, студехь кегийрхой Iамош. Омаев Дагун, Багалова Зулай, Магомадов Сайхан, Хучиев Адам, Хадзиев Мохьмад, Эсамбаева Зарема, Арсамерзоев Леча, иштта кхидIа а похIме актераш белира вайна вайнехан къоман театрехь кхоьллинчу студис. 1962-чу шарахь театральни институт кхиамца чекхъяьккхина цIайирзира Ленинграде деша яхана тоба. Идаев Юсуп, Цицкиев Мохьмад, Дудаев Муса, Давлетмирзаев МутIелип, Адаев СаьIид, Солцаев Мималт, Хакишев Руслан, Паскаева Раиса, Хаджиева Неля, Минкаилова Зоя, Саиева Тайбат, йижарий ИсаевгIар, иштта кхиберш а, дукха хан ялале дозалла хилла дIахIиттира шайн похIмица театран репертуар серлайохуш. Хаддаза керлачу спектаклашца шайн хьовсархойн дегнаш хьистина цара. Цхьабосса кхиамца гойтура вайнехан авторша, оьрсийн драматургаша язйина пьесаш. Ца хьегадора дуьненаюкъарчу драмех а. Делахь а, цкъа а нур довр доцуш цхьа спектакль ю Нохчийн театран репертуарехь. Иза 1965-чу шеран 1-чу майхь премьера хилла «Бож-Iела» цIе йолу спектакль ю, изза цIе а йолуш Хамидов Iабдуллас язйинчу пьеси тIехь, дуьххьара режиссера П.Харлипа хIоттийна, Давлетмирзаев МутIелип вара коьртачу ролехь. Мел хала хеташ делахь а, кхиболу актераш дIабевлла вайна юкъара. Дала гечдойла царна массарна! РСФСР-н халкъан артистка Исаева Асет Маймин роль ловзош яра. РСФСР-н халкъан артист Зубайраев ЯрагIи Абубешаран роль ловзош вара. Нохч-ГIалгIайн халкъан артист Дениев Iальвис кхоьллина Сутарбин васт цкъа а дицлур дац и спектакль гиначарна. Иштта тамехь Зулайн васт кхоьллинера Нохч-ГIалгIайн халкъан артисткас Алиева Тамарас. ЦIена нохчийн мотт, ира забар, шовкъе хелхарш, и дерриге а шеца долуш яра «Бож-Iела» спектакль, уьттазлагIа хьаьжча а хьовсархошна кIорда ца еш.



## Кхиамийн гIушлакхехь

Чекхдаьллачу ХХ-чу бIешеран 70-чу шерашкахь Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан драматически театр Къилбаседа Кавказал генна арахьа гIараяла юьйлира. Хакишев Русланан «ЦIий Iанийна ловзар», «Яхь йолу кIентий» спектаклаш а, театран коьрта режиссер волчу Солцаев Мималтан «Бешто», «ПетIамат», «Шерипов Асланбек» спектаклаш, дара цуьнан коьрта бахьана. Къоман драматически театран сцени тIехь Малхбузерчу Европин драмаш хIитто йолийра. Корнелан «Сид», «Кориолан», «Ричард-3». Москвара, Ленинградерчу театран говзанчаша лаккхара мах хадабора вайнехан театран сцени тIехь хIиттийначу спектаклийн. СССР-хь тоьллачу итт театрана юкъахь цIе йоккхуш яра къоман театр. Ткъа цуьнан коьрта режиссер Солцаев Мималт СССР-н тоьллачу пхеа режиссерана юкъахь хьахош вара. Нохчийн режиссерийн похIма, церан говзалла яра уьш гIарабаьхнарг. Бакъду, уьш цкъа а Iийна бац Малхбузерчу Европин драмаш хIиттош, шаьш баьхначу кхиамех тоам бина. Дукхах болчу вайнахана бийцар дастаме хетачу муьрехь, цIена буьйцуш нохчийн мотт хилла къоман театрехь. Сцени тIехь гойтуш йолчу спектаклашкахь йоIбIаьрг санна лардина цара дайх дисина оьзда гIиллакхаш. Цул сов, нохчийн режиссерийн даима садиъна къоман дIадаьллачо, шаьш хIиттийначу спектаклашкахь царна гайта лиъна къонахийн яхь, доьналла, майралла. Цунна къеггина тоьшалла ду, Хакишев Руслана хIоттийна хилла «Яхь йолу кIентий» цIе йолу спектакль. ТIаьхьо Советийн Iедалан урх малъяла йоьлча, театро кхин цкъа а юьхьарлоцу и тема, шен халкъан къаьхьа денош карладохуш. ТIекхуьу чкъор кхетош-кхиоран декъехь а Iаламат йоккха мехалла йолуш яра театро хIиттийна хIара спектаклаш: «Маршо я Iожалла!», «Дай баьхна латта», «Дела воцург накъост воцуш», «Дуьне духучу хенахь», иштта кхиерш а. Нохчийн къоман театр цкъа а ца яьхна шен халкъана пе тоьхна. Халкъан хиллачу иэшамаша дог эшийна цуьнан. Халкъан кхиамаш хазахеташ кхайкхийна цо. Нохчийн театран бакъо ю юьхькIай селхане юхахьажа. Къаьхьа чам бетталучу дахарехь шен халкъо бина некъ беш схьаеана иза.

ХХ–ХХI-гIий бIешераш хотталучу муьрехь Нохчийчу хьаьвзинчу бохамах а дакъа кхаьчна къоман театрана. Йохийра гIишло, хIаллакьхилира реквизит, декорацеш, духарш, шайн хIусамех бевлира дукхах болу актераш. Амма яхь дIа-м ца елира цара. Луьрачу тIеман кхийсарш нилха евлча, массо а цхьаъ санна балха аравелира, керлачу спектаклашца вайн самукъадаьккхира. Цундела вайна дукхабеза нохчийн актераш, мел буьрсачу халонашна а уьш къар ца баларна, вайн самукъадаккха кийча хиларна. Дуьйцийла йоцуш къен хир яра нохчийн культура болх беш къоман театр яцахьара, театран сцена серлайохуш болх беш Давлетмирзаев МутIелип, Омаев Дагун, Джамаев Iимран, Азаев Хьамид, Гичаева Раиса, Багалова Зулай, Айдамирова Зулай, иштта дукхха кхиберш бацахьара. Нохчийн къоман мах боцу беркат хилла лаьтта церан къегина похIма. Халкъо а, махко а дозалло до царах. Церан хьаналчу къинхьегамо кхачийна нохчийн театр кхиамийн гIушлакхе. Уьш бахьанехь лаьтта къоман театраца халкъан мерза уьйр, хада йиш йоцу гергарлонаш а. 85 шо кхечи и нуьцкъала гергарло хIора дийнахь чIагIлуш схьадогIу.

Тахана Нохчийн Республикин искусствийн хьакъйолу гIуллакххо, похIме режиссер Ахмадова Хьава ю нохчийн къоман театрана коьртехь. Цо шеца алссам кегийрхой балийна театре. Церан спектаклаша дегайовхо кхуллу театран кхане сирла хирг хиларх. Iаламат мехала хета Ахмадова Хьавана ша схьаяьлла халкъ, цуьнан мотт, гIиллакх-оьздангалла кIорггера евзаш, езаш хилар. Ткъа уггаре а коьртаниг – Хьавана дукхабеза ша беш болу болх. Цуьнан кхоллараллин экаме са дIайина говзаллин лаккхарчу шен корматаллех, керлачу спектаклашка сатийса хьовсархошна бакъо а луш.

*А.ГАЗИЕВА*

ЮЬХЬКIАМ

# Асланбекова Раяна – «Даймохк» газетан редакцехь хьошалгIахь

**Россин къаьмнашна юкъахь дIаяьхьначу берийн «Голос» проектехь шолгIа меттиг яьккхина йолу Асланбекова Раяна «Даймохк» газетан редакцехь хьошалгIахь хилира хIокху деношкахь. Редакцин белхахошна цунах хаза кхаъ хилира. Раяна ган а, иза йовза а хьаьгна вара хIора а. Цуьнца цхьаьна редакце еанера Ленински районан Берийн кхоллараллин цIийнан (оцу цIийнан кхиархо хилла ю иза) директор Исапаева Мадина а, Раянин нана Асланбекова Луиза а. Россин ерриге а субъекташкара бераша дакъалаьцначу конкурсехь йоIа шен похIма хилар гайтина ца Iаш, лела хаарца гайтира ша бакъйолу нохчи йоI хилар.**



Раяна декъал а еш вистхилира «Даймохк» газетан коьртачу редакторан заместитель Дадаев Сайд-Хьасан: «Уггаре а хьалха «Голос» конкурсехь ахь гайтира хьуо нохчалла йолуш хилар. Иза уггаре а коьртаниг ду. Хьайн башхачу озаца ерриге а Россин бахархой цецбаьхна ца Iаш, сцени тIехь лела хаарца, оьзда хиларца массеран а хьайх бIаьрг а бузийтира ахь. Цхьана Соьлжа-ГIалина юьхькIам бина ца Iаш, ерриге а Нохчийчунна, дерриге а нохчийн халкъана юьхькIам бина ахь. Оха хьох дозалла до».

Нохчийн Республикина юьхькIам барна Раянига довха дешнаш элира нохчийн журналистикин ветерана Магомаев Салавдис, Нохчийн Республикин хьакъйолчу журналиста Газиева Азас, «Даймохк» газетан культурин отделан редактора Эльдерханова Зайнапа, иштта кхечара.

Раяна дика аз долуш хиларал сов, хаза забар йолуш йоI хилар а билгалделира цхьаьнакхетарехь. Цо ечу забарша массеран а цхьатерра самукъа а даьккхира. Цо дийцира, «Голос» конкурсехь нислуш хиллачу халонех а, шен хьехархочух Агутин Леонидах а, шен нийсархойн шеца хиллачу дикачу юкъаметтигах а лаьцна. Редакцин белхахойн дехарца Раянас ненах лаьцна йиш лекхира. Цкъа а кIорда ца деш ладеггIал хаза аз ду цуьнан, иштта, мел дукха ладегIарх кIордор доцуш хаза хабар а хилла цуьнан. Цхьаьнакхетар дирзинчул тIаьхьа, къоначара Зорбанан цIийнан хьалхарчу гIат тIе йигира Раяна, цигахь цуьнга масех йиш лакхар а доьхуш. Нохчийн а, оьрсийн а, французийн а меттанашкахь эшарш лийкхира цо. Иза хьалхара йиш лакха йолалуш цунна гуо бинарш цхьа иттех стаг бен ца хиллехь а, иза йиш лакха йолаеллачул тIаьхьа цуьнга ладогIа гулбелларш дикка алсамбевллера. «Раяна, хьоьца сурт даккха лаьара тхуна», олий цунна



тIебогIура. Раяница безамна сурт даккха луучеран чаккхе ян а яцара, цкъа сурт даькккхинарг юх-юха а цуьнца суьрташ дохуш гора. Ша кIадъяларе ца хьоьжуш, хIоранца а елалой-екхалой сурт доккхуьйтура цо. «Раяна, Дала тIаьхье беркате йойла хьан. Хьо тхан дозалла ду», олура тIехбовлучу баккхийчара иза мара а къовлуш. Иштта самукъане хан яьккхира редакцин белхахоша жимачу седанца. Ша дIайоьдуш цо хаийтира, «Даймохк» газетан редакцин белхахошца кхидIа а гергарло лелон шен лаам хилар. Дахарехь цо дан дагалаьцначух а, цуьнан сатийсамех а лаьцна оха дуьйцур ду газетан рогIерчу цхьана номерехь.



*ЛОРСАНОВА Зарета*

*А.МУСАЕВАН а, И.ХАСАХАНОВН а, Хь.АВХАДОВАН а суьрташ тIехь «Даймохк» газетан редакцин коллектив Асланбекова Раяница цхьаьна*



## Ламазан хенаш

**17 – 22 май**

| Ламазан де | Iуьйра | Делкъа | Малхбуза | МаьркIажа | Пхьуьйра |
|---|---|---|---|---|---|
| 17 | 02:55 | 12:30 | 16:09 | 19:21 | 21:01 |
| 18 | 02:54 | 12:30 | 16:09 | 19:22 | 21:02 |
| 19 | 02:52 | 12:30 | 16:09 | 19:23 | 21:04 |
| 20 | 02:51 | 12:30 | 16:09 | 19:24 | 21:05 |
| 21 | 02:50 | 12:30 | 16:09 | 19:25 | 21:07 |
| 22 | 02:48 | 12:30 | 16:09 | 19:26 | 21:08 |

СПОРТ

# «Грозная битва XX» турниран толамхой билгалбевлла



**Дукха хан йоццуш Соьлжа-ГIаларчу «Колизей» спортан хоьллехь «Грозная битва XX» турниран къийсадаларш хилира. Шайн шайн йозаллин категорешкахь дIадаьхьначу 16 тасадаларехь 13 тасадалар толамца дерзийра латархойн «Ахмат» клубан декъашхоша.**

Йовзуьйту церан цIерш: Бетергараев Зелимхан, Бимарзаев Апти, Дамаев Саламбек, Умаханов Iайнди, Расуев Анзор, Исмаилов Нурбек, Бисултанов ШахIид, Дадагов Аслахан, Джамбураев Мансур, Довгириев Шамиль, Тимаров Ислам, Мовлидаев Джамал, Адамов Хьусейн.

Суьйренан коьрта къовсам бара Бетергараев Зеламхас Тула Республикерчу Ондар Ренатана дуьхьал дIабаьхьнарг. ШолгIачу раундан хьалхарчу секундашкахь садукъдеш йолу прием йина туьйлира «Ахмат» клубан декъашхо.

Спортан «Ахмат» клуберчу латархоша дакъалоцур ду кестта Бишкекехь дIахьун йолчу «Грозная битва Азии» турнирехь.

Иштта, 22-чу майхь Соьлжа-ГIалахь дIахьур ю «Ахмат» Гран-прин ахфинал. Оцу турниран коьрта латар хир ду WSOF уггаре а яйчу йозаллин категорин чемпиона Бибулатов Мохьмада (Ахмат клуб) Сантос Джованни да Сильвана дуьхьал дIахьон дерг.

*Л.ДАУТОВА*

*Авторан сурт*

## Тхан рузма

**17-гIа май, 1918 шо**. Грозненски кIоштан БердкIел юьртахь вина Идрисов Абухьаьжа, Советски Союзан Турпалхо. Юьхьанцара школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа, «Советская Россия» колхозехь жаIунан болх бина. 1939-чу шарахь дуьйна Советски Эскарехь гIуллакх деш хилла. 1941-чу шарахь дуьйна Сийлахь-боккхачу Даймехкан тIеман дакъалацархо ву. Лакхара сержант А.Идрисов 1232-чу гIашлойн полкан (2-гIа Прибалтийски фронт) иччархо (снайпер) вара. 1944-чу шеран март баттана мостагIчун цо хIаллакбинчу салтийн, эпсарийн барам 349-га кхаьчна. Iаламат лакхара гайтам хилла иза. Цундела ларамаза дацара 1944-чу шеран 3-чу июнехь Идрисов Абухьаьжина Советски Союзан Турпалхочун цIе ялар. Цул сов, цуьнан бIаьхаллин хьуьнарш билгалдаьхна ЦIечу Байракхан, ЦIечу Седанан орденшций, дуккха а мидалшций.

Эскарера мукъаваьллачул тIаьхьа халкъан бахаман тайп-тайпанчу дакъошкахь белхаш бина А.Идрисовс.

Кхалхар хилла 1983-чу шеран октябрь беттан 22-чу дийнахь. Цуьнан къонахаллин дахар дика масал хилла лаьтта Нохчийчоьнан кегийрхошна.

**17-гIа май, 1942 шо**. Малхабекан кIоштан Доьлака юьртахь вина Салатов Руслан, медицинин Iилманийн доктор, Россин Федерацин хьакъволу лор. Дешна Саратоверчу пачхьалкхан лоьрийн институтехь. Къинхьегаман некъ дIаболийна 1966-чу шарахь Малхабекан кIоштан больницехь лор-хирург волуш. Цул тIаьхьа дешна Къилбаседа ХIирийчоьнан медицинин институтан хирургин кафедрехь йолчу онкологин ординатурехь. Дешар чекхдаьлча цхьана шарахь болх бина Владикавказерчу гарнизонан госпиталехь.

1971-чу шарахь дуьйна цуьнан дахаран а, къинхьегаман а некъ, къаста йиш йоцуш, бозабелла Ростоверчу Iилманан-талламан онкологин институтаца.

Кхузахь цо чекхйоккху аспирантура, 1982-чу шарахь кхиамца чIагIйо медицинин Iилманийн кандидатан диссертаци, ткъа 2002-чу шарахь медицинин Iилманийн докторан диссертаци. Iилманан 150 сов белхан автор, цуьнан куьйгаллица чIагIйина Iилманийн кандидатан бархI а, Iилманийн докторан цхьаъ а диссертаци. 30 шо сов ду цо институтан хирургин отделенина тIехь куьйгалла ден. Салатов Русланан Iилманан талламех а, белхан зеделлачух а шуьйра пайдаоьцу онкологин цамгаршна молха-дарба лелорехь. Лоьран къинхьегаман хьуьнарш билгалдаьхна пачхьалкхан дуккха а совгIаташца.

**18-гIа май, 1948 шо.** ГIиргIизойн махкарчу Ош гIалахь вина Сайдуллаев Хьасан, поэт, Нохчийн Республикин хьакъволу хьехархо. Дешна Нохч-ГIалгIайн пачхьалкхан университетан филологин факультетехь. 1967-чу шарахь Мескитарчу юккъерчу школехь хьехархо волуш дIаболабо Хьасана шен къинхьегаман некъ. ХIетахь дуьйна ша пенсе ваххалц оцу школехь болх бира цо (хьехархо, директоран заместитель, директор).

Дуьххьарлера стихотворени зорбане елира 1964-чу шарахь «Ленинан некъ» (хIинца «Даймохк») газетехь. Стихийн, поэмийн пхеа гуларан автор («Iуьйренан нур», «Даймахкана тешам», «ДоттагIий тIекхойкху кхерч», «Зевне бердаш», «Сатийсаман кхоллам»). ТIаьхьарчунна юкъаяхана прозехь язйина произведенеш а.

Тахана а поэзин хьаьрмахь жигара къахьоьгуш схьавогIу поэт.

КУЬГ-ГОВЗА АДАМАШ

# Шена Iеминчух тоам беш яц



Макалова Хеда дуьнен чу яьлла 1970-чу шеран бекарг (март) беттан 15-чу дийнахь Астраханехь Генатаевски районерчу Федоровка юьртахь, Лечин а, Асетан а доьзалехь. Церан доьзал Нохчийчу цIабирзича, иза школе яхара Грозненски районерчу ГIуларехь. Циггахь чекхъяьккхина йоIа юккъера школа а. Цул тIаьхьа, Соьлжа-ГIалара №26 йолу училище чекхъяьккхина, «закройщикан» курсаш яьхна. Дешарна а, гIуллакхана а тIера йолу йоI цунах тоам бина ца Iийна. Жимма хан яьлча Москван кхузаманан гуманитарни академи (СГА) чекхйоккхий, информатикин а, вычислительни техникин а говзалла караерзайо цо. Делахь а, шена дукхабеза куьйгаговзаллин болх дIа ца тесна.

Тайп-тайпанчу меттигашкахь белхаш бина Хедас, «Дом бытехь» бедарш тоьгуш, ГIуларерчу школехь «Къинхьегаман» дарсаш луш, Соьлжа-ГIалин №9 йолчу училищехь говзанча-хьехархочун белхаш бина. Карарчу хенахь Соьлжа-ГIалин Берийн технически кхоллараллин станцехь (СДЮТТ) болх беш ю иза. Берашна: бедарш тега а, тIаргIанах а, туьтешца куьцаш дохуш суьрташ дахка а, иштта кхин дуккха а говзаллаш Iамайо цо.

... ХедагIеран



доьзалехь 5 бер хилла (3 кIант а, 2 йоI а). Доьзал жима болуш церан да (Леча) кхелхина. ТIехь да воцчу доьзална дош атта олу бохуш, уьш галбовларна кхоьруш, даима а хьехарш деш, гIуллакх дойтуш, церан ойла акха ца ялийта гIерташ къахьегна нанас Асета.

Асет бедарш тега хууш хилла. Оцу гIуллакхе Хедин безам бахийтинарг а ю иза. Нанас цхьа а хало ца еш, кIорда а ца дойтуш гIуллакх дойтуш а, керланиг Iамош а хилла Хедина а, цуьнан йишина Седина а.

– Тхан нанас со жима йолуш бедарш тега а, кхача кечбан а Iамийра суна а, сан йишина а. Хаза мотт болуш а, хьекъал долуш а яра иза. Тхан нанна дукха шира туьйранаш хаьара. Ткъа оха гIуллакх дечу хенахь, сан а, Седин а самукъадоккхуш, тхойшинна туьйранаш дуьйцура цо. И бахьана долуш мел дукха гIуллакхаш дарах а гIелъялар хьесапе а ца оьцура. Цунна хаьара тхуна муьлхха а гIуллакх марздан.

Сайн балхах дерг аьлча, суна иза чIогIа дукхабеза. ДагадогIу, школехь каникулаш йолу хан яра иза. Иттех дийнахь ГIуларера Iалхан-ГIала гIаш некъ беш, сайна куьцаш дохуш тега Iамадайтира ас Зине ( штта яра хьехархочун цIе). Иза чIогIа реза хилира суна. Шен кхечу дешархоша шина дийнахь беш болу болх ас сарале чекхбоккху, олура цо. Суна итт де тоьйра куьцаш дохуш тега Iама. Ас хIинца а даггара баркалла олу Зинина.

ХIинца а денна керланиг довза лууш хуьлу со. Школа чекхъяьккхинчул тIаьхьа дуьйна а бедарш тоьгуш, куьйг-говза белхаш бан Iамош, сайна хуург берашна хьоьхуш схьайогIуш ю. Суна хаьа, сан болх чIогIа собар оьшуш буйла, амма сан цунах самукъадолу. Куьйг-говзаллин масех декъехь белхаш бо ас: «Макромэ», «Полимерни поппар» «Зезагийн флористика», иштта кхин а.

Зуда, къаьсттина нохчийн зуда, соьга хьаттича куьг-говза хила еза. Лакхара дешар чекхдаьккхина яцахь а, куьг-говза йолу зуда бан болх боцуш юьсур яц.

Сайн вешин зудабераш а Iамийна ас бедарш тега а, туьтешца куьцаш даха а. Цундела, цара шайна а, шайн йиш-вешина а тIеюху хIуманаш тоьгу. Шаьш болийна болх чекхбаьккхича чIогIа самукъадолу церан, тIаккха айса хьегна къа эрна ца хиллийла хаьа суна.

Баккъал а, Хедас беш болу болх хала а, собар оьшуш а бу. Цо дийцарехь, туьтешца куьцаш дохуш цхьа сурт дилла 6-7 бутт хан оьшу. Иза шен болх дукхабезаш ца хилча бан лур бац. Шена Iеминчух тоам беш яц Хеда тахана а. Нохчийн пачхьалкхан хьехархойн университетехь «Изобразительни искусствон» (ИЗО) факультетан 3-чу курсехь суртдиллархочун говзалла караерзош доьшуш ю иза.

*З.САГАЕВА*

*Суьрташ тIехь: Макалова Хеда а, цуьнан дешархой а*

## Хенан хIоттам

**17-гIа май**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +24 градус, кIеззиг мархаш а йолуш,
буьйсанна… +16 градус, кхоьлина а йолуш, кIеззиг догIа а догIуш;

**18-гIа май**
**Республикехула хила тарло:**
дийнахь… +25 градус, екхна а йолуш,
буьйсанна…+16 градус, екхна а йолуш.

## Ларамe газетдешархо

**ДIахьош ду 2016-чу шеран шолгIачу эхашарна «Даймохк» газете язбалар.**

**2007-чу шарахь дуьйна вайн газет кIирнах кхузза арадолуш ду.**

**«Даймохк» газетехула шун хоийла хир ду Нохчийн Республикехь, Россехь, дуьненахь хуьлуш долчу гIуллакхех дерг.**

**Язло «Даймохк» газете. Шун иза дан таро ю редакцехь а, республикин муьлххачу а зIенан отделенехь а. Эхашарна болу газетан мах:**

**редакце веана яздеш – 468 сом;**
**почтан отделене воьдуш, схьаоьцуш – 877,68 кепек;**
**цIа дIадохьуш – 923,76 кепек.**

Газет диллинарг: Нохчийн Республикин къоман политикин, арахьарчу зIенийн, зорбанан, хаамийн министерство.

**Газет диллинчун/арахьоьцучун адрес: 364060, Соьлжа-ГIала, Дудаевн Бульвар, Радион цIа.**

**Газетана регистраци йина зIенан, хаамийн технологийн, шуьйрачу коммуникацийн декъехь терго латторехула йолчу Россин Федерацин федеральни службехь. Тоьшалла ПИ №9 ФС 77 – 58270 05.06.2014 шо.**

**Коьрта редактор – Б.Ш.ШАМСУДИНОВ**

**Редакцин адрес: 364051, Нохчийн Республика, Соьлжа-ГIала, Маяковскийн урам, 92, тел. 8(8712) 22–22–24**

Газет зорбатоьхна ГУП «ИПК «Грозненский рабочий» издательствехь. Издательствон адрес: 364021, Соьлжа-ГIала, Интернациональни урам, 12/35. Тираж – 2500. Заказ №2401. Зорбанна куьг яздина графикца 16.05.2016 шо 17:00 хила дезаш, зорбанна куьг яздина 16:00.

Редакцина а, материалийн авторшна а хетарг цхьатерра ца хила тарло. Рекламин материалийн чулацамах долу жоьпалла редакцис тIе а ца лоцу. Куьйгайозанашна рецензи ца йо, юха ца дерзадо. **М** билгалонца йолу материалаш зорба туху рекламин бакъо йолуш. «Россин Почта» каталогехь изданин индекс - 04165.